



**Battery Park  
City Authority**

Battery Park City, ki fèt ak waf kraze ki t ap fè fon nan Rivyè Hudson nan, se depi kòmansman li yon istwa rezistans. Yo te kreye katye a pou alafwa rezoud pwoblèm degradasyon anviwònman laval la ki t ap akable zòn lan nan mitan 20yèm Syèk la ak pou reprezante "avni Vil [New York]," dapre pawòl premye sèvo ki te dèyè pwojè a, yon Gouvènè Nelson A. Rockefeller antchoutchout, ki an 1968 te di New York Times, "Sòf si [planifikatè yo] wè lavni, p ap gen vil."<sup>1</sup> Nou konprann santiman sa a menm jan jodi a ak si se te ane 1960 yo. Apre selebrasyon 50yèm Anivèsè li an 2018, Otorite a yon fwa ankò ap gade pi devan pou garanti prensip istorik li yo ak fonksyonman li kounye a pare pou reponnb bezwen elektè li yo pandan anpil ane.

Battery Park City se yon modèl devlòpman iben poutèt li vin yon kominote miks byen ekilibre ki gen ladan espas rezidansyèl, komèsyal, pak ak espas ouvè ki vin gen plis valè gras a yon evantay pwospè ak divès pwogram nan pak, travay atistik piblik, ak enstitisyon kiltirèl. Annakò ak objektif dirabilite li an, BPCA dènyèman pibliye plan li an pou vin net nan kabòn disi 2050, e li nan mitan yon plan envestisman anbisye nan zafè rezistans pou pwoteje kominote a kont monte nivo lanmè yo ak mare tanpèt chanjman klimatik la pote yo.

**DEKLARASYON MISYON:** Hugh L. Carey Battery Park City Authority (Otorite a) se yon kòporasyon byen piblik nan Eta New York ki gen kòm misyon planifye, kreye, kowòdone ak kenbe yon kominote ekilibre espas komèsyal, rezidansyèl, ak pak andedan lokal 92 ak ki deziyen pou li an nan ba bò lwès la nan Manhattan. Yo rekonèt ke, lè yo fini ak konstriksyon nouvo pasèl yo, enpòtans entretyen an nan kad misyon an ap vin pi gwo.

## PLAN ESTRATEJIK BATTERY PARK CITY AN

An 2019, Otorite a te anbake nan yon pwosesis planifikasyon estratejik avèk 100 Resilient Cities, yon òganizasyon ki pa gen bi fè lajan ki mennen menm kalite efò yo nan plizyè douzèn vil toupatou nan lemond. Avèk konesans gwo angajman piblik ki gen nan tèt li dirijan Otorite a, BPCA te pibliye premye plan estratejik li an ki te prezante yon vizyon ki gen ladan 14 bi ak 30 aksyon ototal ki fèt pou reyalize objektif sa yo.

Plan Estratejik Otorite a fèt pou garanti Battery Park City pral:

1. Yon **kominote ki aksepte tout moun**, ki soutni lojman bon mache nan kad yon kominote divès ak abitab, garanti gen yon kominote komèsyal vivan ki reponn bezwen rezidan li yo, epi ofri yon domèn piblik agreyab kote tout moun ka vini fasilman.
2. Kreye yon kote ki **san danje e reziste a chanjman klimatik** avèk yon anviwònman bati ak sistèm natirèl ki adapte ak chanjman nan klima a, yon estrateji aplikab pou reyalize netralite nan kabòn, yon enfrastrikti solid pou sipòte lavi kotidyen ak pare pou evènman meteyowolojik pi devan, ak yon seri sèvis sekirite k ap reponn bezwen rezidan yo.
3. Rete yon **espas piblik vivan** ki ofri pwogram dinamik ak divès, enstalasyon kominotè klas mondal, ak travay atistik piblik ki enspire rezidan yo kou vizitè yo.
4. Demontre **lidèchip pou lavni**, nan konsakre ekip Otorite a annantye a amelyorasyon sèvis ak egzekisyon pwojè, nan aksepte divèsite nan kilti ak fonksyonman, nan entegre rezistans fas a chanjman klimatik ak politik dirabilite, nan ranfòse kolaborasyon sou nouvo pratik gouvènans, ak nan kontinye jerans responsab resous piblik yo.

---

<sup>1</sup> New York Times. (1968, 23 oktòb). Majistra a ak Gouvènè a ap Gade Chantye Renovasyon Battery Park la. Rale nan New York Times: <https://www.nytimes.com/1968/10/23/archives/mayor-and-governor-view-battery-park-renewal-site.html>